Òganizasyon sa patisipe nan E-Verify

Anplwayè sa ap bay Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA), epi, si sa nesesè, Depatman pou Sekirite Nasyonal Ozetazini (DHS), enfòmasyon ki soti nan Fòmilè I-9 chak nouvo anplwaye pou konfime otorizasyon travay.

ENPÒTAN: Si gouvènman-an pa kapab konfime ke ou gen dwa travay, se anplwayè-a oblije bay eksplikasyon pa ekri ak opòtinite pou ou kontakte DHS ak/oswa SSA anvan yo pran mezi negatif kont ou, ki gen ladan'l revokasyon nan travay la.

Anplwayè yo pa gendwa sèvi ak E-Verify pou depataje aplikan pou travay epi yo pa gen dwa limite oswa enfliyanse chwa dokiman pou ou prezante pou itilize sou Fòmilè I-9 a.

Pdetèmine si Fòmilè I-9 a valab, patwon-sa itilize E-Verify pou konpare foto ki parèt sou kèk kat rezidan pèmanan, kat otorizasyon travay, ak paspò ameriken avèk foto ofisyèl gouvènmanameriken-an genyen. E-Verify tcheke tou enfòmasyon ki nan lisans pou kondwi ak kat idantifikasyon ki soti nan kèk eta.

Si ou kwè ke anplwayè ou pa respekte responsablite li yo nan pwogram sa oswa yo te fè diskriminasyon kont ou pandan pwosesis verifikasyon elijibilite pou anplwa ki baze sou orijin nasyonal-ou oswa estati sitwayènte-ou, tanpri rele Biwo pou Avoka Espesyal nan 800-255-7688, 800-237-2515 (TDD) oswa sou sit entènèt www.justice.gov/crt/osc.

E-Verify Travay Pou Tout Moun

Pou plis enfòmasyon sou E-Verify, tanpri kontakte DHS:

888-897-7781

www.dhs.gov/E-Verify

AVI:
Lalwa federal egzije pou tout patwon yo verifye idantite ak kalifikasyon pou travay pou tout moun ki jwenn travay nan peyi Etazini.

E-VERIFY IS A SERVICE OF DHS AND SSA

Logo ak Siy E-Verify yo se mak komèsyal ki anrejistre nan Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security). Li entèdi pou yon moun vann afich sa.